



## **PWOSIS TRANSFÈ ANNDAN DISTRI A**

(Yo dwe enskri elèv la pou l ka aplike pou yon Intra-District)

### **Pou ane lekòl kap vini an :**

Aplikasyon pou ane eskolè k ap vini an konplete epi soumèt elektwonikman nan Family Center. Yo pral aksepte aplikasyon sa yo sèlman apre janvye ane lekòl aktyèl la.

Lekòl yo pral reponn (apwouve oswa refize) :

Klas Kindergarten: Premye semèn mwa Out nan ane lekòl k ap vini an

Klas 1-12 : Nan 30 jou ouvrab apre demann lan

Family Center ap resevwa aplikasyon an epi dirije demann lan bay direktè lekòl k ap resevwa a, ki pral detèmine sityasyon demann lan.

Si yo refize demann lan, lekòl ap voye kominikasyon alekri ki bay rezon ki fè yo refize l.

Si yo apwouve demann lan, lekòl k ap resevwa elèv la ap voye kominikasyon alekri nan dat ki endike anwo yo, avèk apwobasyon ak enstriksyon pou fanmi an konsènan pwochen etap yo (dat enpòtan yo, vizit posib nan lekòl la, asiyen salklas, elatriye). Y ap apwouve oswa refize aplikasyon ki soumèt pandan ane lekòl la nan lespas 30 jou ouvrab apre demann lan.

### **Pou ane lekòl aktyèl la:**

Aplikasyon yo soumèt pou ane lekòl aktyèl la pral apwouve oswa refize nan 30 jou ouvrab. Desizyon an ap kominike pa lekòl la.

## **PWOSIDI POU TRANSFÈ ANNDAN DISTRI YO**

Se responsablite direktè lekòl la pou l asire timoun nan nan distri eskolè ki apwopriye a. Sinon, yo dwe fè paran/responsab legal la konnen touswit, epi yo dwe transfere timoun nan nan distri eskolè ki apwopriye a.

### **Demann Transfè Anndan Distri Yo**

Yo ka aksepte transfè yon elèv soti nan yon lekòl Norwalk pou ale nan yon lòt lekòl Norwalk sou kondisyon espesifik yo, selon rezonman direktè lekòl k ap resevwa timoun nan (nan patenarya ak Sant Familyal la) oswa Sipèwentandan Adjwen an. Yo ta dwe fè demann transfè yo bay Sant Familyal la epi yo pral evalye l ak direktè lekòl k ap resevwa timoun nan. Yo pral konsidere demann lan, men yo pap akòde l otomatikman, pou youn oswa plizyè nan rezon ki pi ba yo. Nan chak ka, li nesèsè pou gen dokiman sipò ki akonpaye demann transfè a. Yo atann pou paran/responsab legal yo mande transfè anndan distri yo ak anpil tan alavans avan ane lekòl la kòmanse lè kondisyon sa yo pèmèt sa a. Yon fwa yo aksepte yon elèv nan yon lekòl ki deyò distri a, li pa oblije re-aplike pou yon transfè anndan distri a nan ane annapre a (yo). Si yo apwouve l, se fanmi an ki dwe bay transpò. Yo pa bay garanti y ap aksepte frè ak sè Anndan Distri a.



### Rezon ki Akseptab pou Aplikasyon pou Transfè Anndan Distri a

1. **Rezon Fizik/Emosyonèl/Legal:** Yon doktè, yon sikològ oswa yon antite legal (sa a vle di, Tribinal Fanmi) dwe bay detay alekri sou nati rezon fizik, emosyonèl oswa legal yo ak rezon pou yon transfè soti nan yon lekòl nan yon lòt lekòl. **Paran/responsab legal yo oswa pwofesyonèl swen timoun nan oblije bay transpò pou mennen timoun nan lekòl epi vin chèche l lekòl.**
2. **Pwovizyon pou Gadri pou yon Elèv oswa Plizyè Elèv ki nan Klas Matènèl jiska Uityèm Ane Sèlman:** Si yon adilt ki pa paran an oswa responsab legal la pran swen yon timoun touswit anvan ak apre lè lekòl la, paran yo dwe soumèt yon "Fòm Prèv Sipò pou Gadri" ki notarye. Moun sa a k ap pran swen timoun nan dwe konfime volonte li pou lekòl la kontakte l nan ka yon ijans. Paran/responsab k ap pran swen timoun nan dwe abite nan vil Norwalk pou li ka kalifye. **Paran/responsab legal yo oswa pwofesyonèl swen timoun nan oblije bay transpò pou mennen timoun nan lekòl epi vin chèche l lekòl.**
3. **Nouvo Rezidans nan Vil Norwalk:** Si moun nan kite kay kote li abite a apre kòmansman twazyèm trimès la (lekòl mwayen ak lekòl segondè) ak/oswa dezyèm trimès (primè), y ap pèmèt elèv yo rete nan lekòl kote yo ye a, sof nan sitiasyon ki gen pou wè ak sekirite oswa sitiasyon legal. Nan ka sa yo, se paran an/responsab legal la k ap responsab pou bay transpò. Yo ka konsidere epi apwouve demann transfè anndan distri a ki fèt nan dènye pati ane lekòl la men yo p ap fè l toutotan pwochen ane lekòl la pa kòmansman (gade nan rezon ki akseptab pou aplike pou yon transfè anndan distri a). **Si yo ta apwouve demann transfè anndan distri a pou elèv la rete nan nan lekòl li ye aktyèlman, paran/responsab legal yo oswa moun k ap pran swen timoun nan dwe bay transpò.**
4. **Kondisyon Rezidansyèl Espesyal:** Paran/responsab Legal timoun yo ki gen kondisyon rezidansyèl espesyal yo ka aplike pou yo ale nan Norwalk Public Schools lè yo soumèt yon dokiman tribinal ki apwouve epi ki notarye. **Paran/responsab legal yo oswa pwofesyonèl swen timoun nan oblije bay transpò pou mennen timoun nan lekòl epi vin chèche l lekòl.**
5. **Plasman Selon Koutwazi Pwofesyonèl:** Yo dwe pèmèt pwofesè ak anplwaye ki abite deyò Norwalk yo pou pitit yo ale nan Norwalk Public Schools gratis. Edikasyon gratis sa a pa gen ladan edukasyon espesyal oswa sèvis ki gen rapò ak edukasyon espesyal apre depans pou chak elèv pou nivo ki apwopriye a. Yo dwe mete pitit yon pwofesè nan kèlkeswa lekòl oswa klas Konsèy la konsidere ki apwopriye a. Pwofesè ki abite nan Norwalk yo dwe gen menm dwa ak pwofesè ki pa rezidan yo pou yo mande pou yo pèmèt pitit yo ale nan yon lekòl nan Norwalk ki deyò distri yo asiye yo a atravè aplikasyon transfè anndan distri a epi yo dwe respekte menm kondisyon ak nenpòt lòt moun ki aplike
6. **Pwogram Lekòl la:** Elèv ki enterese nan yon pwogram nan yon lekòl ki deyò distri yo a ka aplike pou yon transfè anndan distri a. Fanmi an dwe ranpli aplikasyon pou transfè anndan distri a avèk yon eksplikasyon alekri sou rezon ki fè yo te chwazi lekòl oswa pwogram sa a. **Paran/responsab legal yo dwe bay transpò pou mennen timoun nan lekòl epi vin chèche l lekòl.**

### Anilasyon Transfè ki Otorize Anndan Distri a

Direktè a ka anile transfè ki otorize yo, avèk apwobasyon Siwentandan Adjwen an nan ka kote prezans, reta ak/oswa konpòtman ki pa satisfèzan oswa nan ka kote aksè nan lekòl la ak komunikasyon ak fanmi an difisil anpil. Anplis sa a, si dokiman sipò yo mande yo pa kòrèk oswa yo pa ka verifye yo oswa si kondisyon pou demann yo te chanje, yo ka anile transfè a.



### **Konsiderasyon Espesyal**

Yo ka bay elèv yo konsiderasyon espesyal nan ka ki annapre yo si dosye prezans, pèfòmans akademik, ak konpòtman nan tan pase yo akseptab:

1. Yo ka bay yon elèv ki se yon rezidan Norwalk epi ki soti nan lekòl distri li ye kounye a pandan ane lekòl la pèmision pou l fini ane lekòl aktyèl la. Elèv la dwe enskri nan nouvo lekòl distri li a nan ane ki vini apre a, oswa li ka aplike pou yon transfè anndan distri a pou l ka rete nan plasman nan lekòl aktyèl la. \*
2. Elèv ki abite nan Norwalk, k ap antre nan dènye ane nan yon klas patikilye (sa a vle di, klas 5yèm, 8yèm oswa 12yèm ane), epi ki ale nan yon distri eskolè ki deyò Norwalk ka jwenn pèmision pou l konplete pwogram akademik lan nan lekòl sa a selon diskresyon direktè lekòl la.

(\*Sa a pa garanti yon plasman anndan distri a k ap kontinye pandan ane lekòl ki vini apre a)

### **Pwosedi Estanda pou Plasman Transfè Annda Distri a**

1. Ou ka jwenn aplikasyon pou Transfè Anndan Distri yo sèlman sou entènèt sou sit entènèt Norwalk Public Schools sou [norwalkps.org](http://norwalkps.org).
2. Ou dwe soumèt tout fòm ki ranpli yo ak tout dokiman ki nesèsè yo bay Sant Familyal la (ki pral voye l bay lekòl k ap resevwa elèv la apresa). Yon reprezantan Sant Familyal la ak Direktè lekòl kote elèv la prale a oswa reprezantan li, ka diskite sou demann sa a ak Direktè a, oswa reprezantan li, ki soti nan lekòl distri kote yo asiyen elèv la, ak depatman edikasyon espesyal distri a. Apre konsiltasyon, Direktè lekòl k ap resevwa timoun nan pral pran desizyon pou l swa aksepte oswa rejte demann lan dapre politik Konsèy Administrasyon an. Paran oswa responsab legal la ka fè kontestasyon kont desizyon sa a jan yo endike anba a.
3. Direktè lekòl kote yo te fè aplikasyon an, oswa reprezantan l, pral fè paran oswa responsab legal la konnen denyè dispozisyon yo pran sou demann lan.

### **Kontestasyon pou Aplikasyon Anndan Distri a**

Si yo te refize yon aplikasyon anndan distri a, yo ka fè kontestasyon kont refi a pandan yo swiv etap sa yo:

- Paran/responsab legal yo resevwa notifikasyon yo te refize demann pou plasman anndan distri a.
- Paran/responsab legal la ka ekri yon lèt kontestasyon bay Siwentandan Adjwen an. Lèt kontestasyon an dwe idantifye rezon espesifik pou demann transfè anndan distri a.
- Apre Siwentandan Adjwen an evalye desizyon an ak rezon ki fè yo pran desizyon sa a, y ap voye yon repons bay paran oswa responsab legal ki endike sa a li detèmine.
- Siwentandan Adjwen an ka kontinye pwosesis evalyasyon kontestasyon an selon kontestasyon paran an oswa responsab la. Evalyasyon kontestasyon an ap gen ladann sa a ki annapre yo:
  - Siwentandan Adjwen an, oswa reprezantan l, pral evalye kontestasyon an sou papyè, epi, si sa a nesèsè, envite paran/responsab legal la nan yon reyinyon kote yo ka envite Direktè Lekòl kote elèv la prale a, si direktè a genye enfòmasyon ki enpòtan pou l pataje. Apre li fin evalye tout enfòmasyon yo, Siwentandan Adjwen an ap enfòme paran oswa responsab legal la konsènan dènye desizyon yo pran alekri. Si yo akòde kontestasyon an, yon lèt ki eksplike kondisyon plasman yo pral akonpaye desizyon an. Pa genyen okenn lòt dwa pou fè kontestasyon kont yon desizyon kontrè siwentandan adjwen an oswa reprezantan li pran.



**TRANSFÈ ANNDAN DISTRI A  
FÒM PRÈV SIPÒ POU SWEN TIMOUN  
(Yo dwe retounen fòm sa a nan Sant Familyal la - siyen epi notarye)**

**Premye Pati:** Se Paran yo oswa Responsab Legal yo ki dwe ranpli sa a epi se Paran yo oswa Responsab Legal yo ak Moun k ap Pran Swen Timoun nan ki dwe siyen l.

Mwen(Nou) \_\_\_\_\_ sètifye \_\_\_\_\_  
(Non Paran an (yo) oswa Responsab Legal La (yo)) (Non Timoun nan)

\_\_\_\_\_ nan klas \_\_\_\_\_ pral sou responsablite moun ki endike anba a:  
(laj timoun nan) (nivo klas)

\_\_\_\_\_  
(Non Pwofesyonèl Swen Sante Timoun nan) (Siyati Pwofesyonèl Swen Sante Timoun nan)

\_\_\_\_\_  
(Adrès Pwofesyonèl Swen Sante Timoun nan) (Nimewo Telefòn Pwofesyonèl Swen Sante Timoun nan)

**Dezyèm Pati:** Tanpri li epi siyen deklarasyon sa a. Yo p ap trete demann ou an san siyati ak notarizasyon obligatwa yo.

*Mwen (Nou) sètifye tout deklarasyon ki nan dokiman sa a se laverite epi yo kòrèk dapre sa a mwen konnen ak sa a mwen kwè. Mwen (Nou) dakò dapre Seksyon 10-186 Lwa Jeneral Connecticut yo, si yo detèmine pitit mwen an pa gen dwa pou li jwenn aranjman pou lekòl gratis nan Norwalk, mwen (Nou) dakò pou Mwen (Nou) peye Konsèy Edikasyon Norwalk la, frè ekolaj pou peryòd pitit mwen an te ale nan Norwalk Public Schools epi li pa t gen dwa pou l jwenn aranjman pou lekòl gratis nan Norwalk. Mwen (Nou) konprann pitit mwen an gen dwa ale nan **Norwalk Public Schools** sèlman toutotan li se yon rezidan legal nan Vil Norwalk. Mwen (Nou) konprann nou oblije bay pitit mwen an transpò pou ale lekòl epi pou vin chèche l lekòl.*

SIYATI MANMAN AN OSWA RESPONSAB LEGAL LA: \_\_\_\_\_ DAT: \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_

SIYATI PAPA A OSWA RESPONSAB LEGAL LA: \_\_\_\_\_ DAT: \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_

SIYATI NOTÈ PIBLIK LA: \_\_\_\_\_ DAT: \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_

**So Notè a:**